


2011-
2012

1myé Tit, Pati A: Manyèl

Lékòl Florid pou Moun Soud é Avèg

Lékòl Elemantè pou Moun Avèg



Christi Boortz
Koòdonatè 1myé Tit
207 North San Marco Avenue
Saint Augustine, Florida 32084-2799

P: 904-827-2284
F: 904-827-2262
E: boortzc@fsdb.k12.fl.us

Translated by Harold Robin

SEKSYON I: ENFÒMASYON JENERAL, "OKENN TIMOUN PA POU RETE DEYE"

Imyé Tit la (ki rélé 1myé Chapit depi 1981-1994) sé pi gwo èd federal pwogram pou lékòl élémantè ak segondè yo. Pwogram federal sa a founi lajan a distri lékòl yo atravè peyi a pou ogmanté pèfòmans edikasyonèl élèv yo ki nan lékòl ki trè pòv yo. Akòz FSDB sé yon lékòl pansyon, tout élèv ki abité sou kanpis lékòl pandan la semèn fè pati de kantité ke yo anvizajé kòm nan pòvreté lékòl la, anplis d' élèv ki fè transpò é ki kalifyé pou manjé yon repa a midi gratis oswa ak yon pri redwi (an konfòmman avèk Lwa de Lékol Nasyonal Richard B. Russell la). Akòz d' anpil kantité pòvreté de FSDB la, tout kanpis lékòl yo satisfè kritè pòvreté. Paské FSDB itilize modèl "tout lajè lékòl la" pou sèvis yo, nenpòt élèv ki nan yon lékòl 1myé Tit ap kalifye pou pwogram sa a. Lèt modèl asistans "objèktif" la sé pou bay sèvis 1myé Tit sèlman a élèv ki kalifyé pou yon manjé repa midi gratis oubyen ak pri redui.

Ti Istwa de 1myé Tit

1myé Tit de "Lwa sou Lékol Elémantè ak Segondè" (ESEA) té orijinèlman pran efè an **1965** kòm yon pati de Lagè Prezidan Lyndon B. Johnson 'an kont Pòvreté.

An **1981**, Kongrè té pasé " Lwa Konsolidasyon d' Edikasyon ak Amelyorasyon" (ECIA). Lwa a chanjé non pwogram n'an an "1myé Chapit".

Amanman **1988** "Amelyorasyon Lékol Elémantè ak Segondè Hawkins-Stafford la" retabli sèten patisipasyon paran an té fè ak règleman administratif kit e elimine pa ECIA. Réauthorizasyon **1988** sa a osi vizé plis lajan sou domèn ki pi demuni, sa té kreye yon éléman séparé pou élèv ki nan lékol prematènèl, é li té ajouté amelyorasyon de pwogram ki egzijé entèvansyon leta nan pwogram kap tombé yo. Lwa a tou té eseyé lyen pwogram 1myé Chapit la pi prè avèk pwogram regilyé lékol la é ankourajé yon pi gran konsantrasyon sou "lòd ki pi wo a" aptitud de pansé, olye ke kontinyé pwogram tradisyonèl ki konsantré sou egzèsis d' aptitud fondamantal yo.

Yo té réauthorizé pwogram nan an **1994**, atravè " Lwa Amelyore de Lékol Amerik la". Anplis an chanjé non pwogram nan "1myé Tit ", men nouvo lwa a:

- té etabli prensip ke élèv 1myé Tit yo pral gen menm ansèyman a yon nivo superyè tankou tout lòt timoun
- té elimine ekzijans konsènan tèss federal é evalye pèfòmans nan lékol 1myé Tit yo ak élèv kap itilizé menm estanda ak evalyasyon ki aplikab a tout lòt timoun ki nan eta a
- prolonjé fleksibilité nan lékol lokal yo an echanj pou entansifye responsabilité pou rezilta yo
- meté aksan sou devlopman pwofesyonèl pou edikatè yo pou édè yo aplike nouvo teknik ki bazé sou rechèch
- chanjé fòmil alokasyon finansman an ak estanda kalifikasyon lékol yo pou yo konsantré plis lajan sou lékol yo ak pi gwo-pòvreté

Pwochen réauthorization an, ki rélé "Lwa d' Eksélans nan Edikasyon pou Tout Timoun la" té pibliyé an **2000** pa Pwezidan Clinton. Réauthorizasyon sa a konsantré sou "soutni chanjman" ki fè "sans de tèss edikasyon ki long." Kat prensip gide nouvo pwopozisyon de réauthorizasyon an: (1) estanda siperyè nan chak sal klas (2) amelyoré bon kalité pwofesè ak direktè lékol (3) ranfòsé responsabilité (4) asiré ke tout timoun ka aprann nan yon anviwonman ki san danjé, disipliné é san dwòg, koté paran yo santi yo byenveni é enpliké.

Prezidan George W. Bush té siyen pakè réauthorizasyon ki pi resan, "Okenn Timoun Pa Pou Rété Dèyè" (NCLB) sou, 8 Janvyè **2002**. Sa a sé refòm ki pi rapid fèt nan ESEA a depi li té jwè wòl li nan 1965. Li rdefini wòl federal la nan edikasyon klas K-12 nan ede éliminé eka nan sikse ant élèv ki gen pwoblèm lajan ak minorité yo ak kamarad klas yo.

Li bazé sou kat prensip fondamantal: 1) responsabilité ki pi fò pou rezilta yo 2) ogmanté fleksibilité ak kontwòl lokal 3) ogmanté opsyon pou paran yo 4) ak yon anfas sou metòd ansèyman sa yo ke yo té pwouve ki travay.

Imyé Tit, Pati A gen yon objektif prensip - Pou amelyoré ansèyman ak aprantisaj de timoun ki nan lékòl ki nan anpil pòvreté yo. Pou akonpli objektif sa a, Imyé Tit, Pati A sipòté distrik lékòl la jiska finansman nan men gouvènman federal, kontwolé ak distribye nan eta an. Lékol desidé pou tèt yo fason yo ap depansé lajan pwogram yo, mandé pou opinyon paran yo ak administratif nan pwosesis sa a. Sa a opinyon paran yo dwé "gen sans konsiltasyon" nan tout aspè nan pwogram Imyé Tit la, epi li dwé fèt sou yon orè "alè".

SEKSYON II: ANGAJMAN PARAN AK Imyé TIT

Yon objektif de Imyé Tit, Pati A lwa a, sé pou kontinyé konsantré sou patisipasyon paran yo. Seksyon 1118 de NCLB a etabli dispozisyon ki refété prensip jeneral nan Lwa a toupatou (1) meté responsablité sou lékol yo ak paran yo jan yo bay enfòmasyon ki aksesib a fanmi yo, (2) kolekté done sou èlèv reysit yo, (3) enfòmè paran yo de pwofesè yo é kalifikasyon parapwofesyonèl, avèk (4) bay paran ak fanmi yo opsyon chwa otantik.

Seksyon 1118 Lwa NCLB a egzije tou pou yon pòsyon nan lajan Imyé Tit la dwe pasé sou "kiltivé é ankourajé" éfektif patisipasyon de paran. De fason ke Lékol Florid pou Moun Soud é Avèg la (FSDB) fè sa sé:

- yo pou founi enfòmasyon bay paran yo toupatou nan:
 - Konpak Lékol-Paran an
 - Notifikasyon ke Paran yo "Dwa-Konnen"
 - enfòmè paran yo si pitit yo a pap resevwa ansèyman de yon pwofesè ki "Trè kalifye" ouswa yon parapwofesyonèl pa lèt yo voye lakay yo
 - bilten Connection Paran an
 - sit wèb lékol la, www.fldb.k12.fl.us
 - reyinyon Plan Edikasyon Endividyèl
 - reyinyon d' Ekip Konseyé de Paran Imyé Tit
- atravè aktivité paran yo ke yo ofri nan Biwo Enfòmasyon pou Paran
- bay lajan pou transpòtasyon pou alè nan aktivité de paran yo
- bay pwovizyon ak materyèl pou aktivité èlèv yo lakay yo

Pou plis enfòmasyon sou pwovizyon Patisipasyon de Paran an dapre Lwa Imyé Tit, Pati A de NCLB la, al gade nan papye Asistans Teknik ki gen tit, "Papye Teknik Asistans Ki Gen Rapò a Patisipasyon de Paran, Imyé Tit" yo ki té pibliye nan mwa Fevriye a 2006 pa Depatman Edikasyon Florid la. Yo kab jwenn papye ki pi resan lè yo vizité sit wèb depatman edikasyon deta a, www.fldoe.org

Chak lékol Imyé Tit nan FSDB a gen yon ekip konsiltatif de paran ki pou asisté nan planifikasyon pwogram, devlopman, mété bagay ajou, avèk evalyasyon. Genyen 3 reprezantan pou chak lékol. Manm Ekip Konsiltatif de Paran Imyé Tit de Lékol Elémantè pou Moun Avèg yo sé:

Judy Williams
Scott Woodward
Megan Lindberg

Notifikasyon "Dwa Pou Konnen" de Paran Imyé Tit

Nan Lékol Florid pou Moun Soud é Avèg la, nou gade siksè akademik èlèv nou yo kòm priorité nimewo en. Tanpri sonje byen ke ou gen dwa a, kòm paran èlèv ki nan yon lékol kab resévwa lajan Imyé Tit, pou mande sou enfòmasyon swivan sa yo:

- Si pwofesè elèv ou a satisfè kritè lisans eta a pou nivo klas la é nan matyè ke pwofesè a ap bay enstriksyon an
- Si pwofesè a ap anseyé anba ijans oswa lòt sitiasyon pwovizwa a ki kalifikasyon kritè sètifikasyon eta a yo té anilé
- Bakaloreya degre espesyalité pwofesè a ak nenpòt lòt sètifika diplome oswa degre ke pwofesè a té kenbe, é domèn d' etid sètifikasyon an ou diplòm la
- Si yo bay pitit ou a sèvis pa parapwofesyonèl, é si sa, kalifikasyon yo

Ou pral resevwa d'alèt alekri si pitit ou té plasé nan yon klas oswa té anseyé pa yon pwofesè ki pa satisfè kritè ki gen bonjan kalifikasyon kòm "OKENN TIMOUN PA POU RETE DEYE" a. Si w gen nenpòt kesyon sou kondisyon sa yo oswa ou vlé fè yon ankèt konsènan pwofesè a oswa yon parapwofesyonèl, tanpri kontaké asistan direktè lékòl pitit ou a, Justin Cosgrove, a 904-827-2740 oswa cosgrovej@fsdb.k12.fl.us

Si ou gen yon kesyon konsènan kalifikasyon yon parapwofesyonèl an patikilyè, tanpri kontaké Direktè biwo Resous Imèn, Madam Carrie Arnold a 904-827-2321 oswa pa imèl arnoldc@fsdb.k12.fl.us

Anplis de sa, rezilta de tè FCAT 2011 yo pou elèv ki nan klas 3-11 yo té revelé nan mwa Jiyè, é yo té posté imedyatman voyé bay fanmi yo. Si ou poko resevwa rezilta pitit ou a, tanpri kontaké asistan direktè pitit ou a.

Enfòmasyon pou Paran é Sant Resous (PIRC)

Depatman Edikasyon Etazini a, té kreyé 1myé PIRC yo an 1995 pou bay paran, lékòl, ak òganizasyon yo ki patisipe pou konprann kòman timoun devlopé é ki sa yo bezwen pou yo *reyisi nan lékòl*. Sant PIRC sa yo, travay trè pré avèk paran yo, edikatè yo, ak òganizasyon kominotè yo pou ranfòsé patenarya pou ke timoun yo kapab rivé nan estanda akademik ki wo. Lwa édikasyon **Okenn Timoun Pa Pou Rété Dèyè** a egzijé distrik lékòl yo ak lékòl **1myé Tit** yo pou enfòmé paran yo de egzistans é objektif PIRC d' eta a yo.

Kouran finansman sik la fini lé 30 Septanm, 2011. Yon pwopozisyon de yon sizyèm ané finansman té fèt pa Depatman Edikasyon Etazini a pou PIRC yo; sepandan, dènyèman tout 62 PIRC yo nan tout peyi a, menm teritwa Etazini yo tou, yo té avèti yo ke lòt sizyèm ané finansman sa a pa p disponib.

Koulyé a, PIRC Florid yo planifyé pou yo kontinyé kenbé disponib a ou é a fanmi Florid yo, sit entènèt PIRC yo ak resous elektwonik, tankou Fèy Papyé ak Idé é Twous Zouti. Tou-dé PIRC yo nan Florid té bay resous valab a Depatman Edikasyon Florid la, distrik yo, lékòl yo, ak chak fanmi nan tout eta a. Sa a pral yon gwo pèt pou Florid epi nou pral manke nan pa gen nivo sipò tou-dé PIRC yo té bay nan eta nou an.

Pou wè dènyé Notifikasyon Paran PIRC yo nan plizyè lang, tanpri konsilté sit entènèt PIRC yo:

PIRC Florid la de Rezo Familyal sou Disabilité yo (FND): www.floridapirc.org

PIRC Florid ki nan University of South Florida (USF):

www.florida.pirc.usf.edu/aboutus/notify.htm

SEKSYON III: "PLAN PATISIPASYON de PARAN" (PIP) d' ELEMANTÈ pou MOUN AVÈG

Direktè-Mari Lou Hofmann-Sitten
Asistan Direktè-Justin Cosgrove

Pou édé ranfòsé siksè akademik élèv yo, chak lékòl ki resevwa lajan 1myé Tit dwé mété ansanm yon plan d' angajman paran yo ak paran timoun kap patisipé yo. Plan yo dwé akseptab ak tout pati ki enplike yo nan pwop devlopman pa yo, epi yo dwe distribye 1 ba tout moun ki gen enterè, menm paran yo, anplwaye lékòl la yo, ak administratè yo. Chak règleman de patisipasyon paran alekri gen enfòmasyon ke yo mandé yo nan seksyon 1118 (a) (2) *Lwa de Edikasyon Primè ak Segondè (ESEA)*, ki pita yo té otorizé kòm *Okenn Timoun Pa Pou Rété Dèyè (NCLB)*. Plan sa a pou patisipasyon paran yo etabli ekspetasyon pou paran ki enpliké yo kòm patnè nan edikasyon pitit yo a, epi dekri kouman chak lékòl ap apliké yon divès de difèran aktivité de patisipasyon de paran yo. Yo pral meté plan nivo-lékòl sa yo nan 1myé Tit / Plan Amelyorasyon Lékol la, jan sa nesèsè nan Seksyon 1114 (b) (2) ESEA an.

Deklarasyon de Misyon d' Angajman de Paran pou Fanmi d'Elémantè pou Moun Avèg:

Rechèch konfimé ke angajman paran yo sé yon enfluyans pwisan sou akonplisman pou yon timoun nan lékol la. Lè lékol travay ansanm ak paran yo pou sipòté aprantisaj, timoun yo predisposé pou yo reyisi pa sèlman nan lékol, men toupatou, pandan tout lavi yo. Nou ankourajé Paran / gadyen legal sa yo pou patisipé kòm patnè enfòmé ak pèsònèl lékol la nan aplikasyon pwogram 1myé Tit lékol nan yon efò pou amelyoré siksè akademik élèv yo ak pèfòmans lékol la. Lékol Elémantè pou Moun Avèg la resevwa é ankourajé sipò paran yo ak angajman yo nan efò pou amelyoré pwogram akademik nou an.

Eléman pou Plan Angajman de Paran:

1. *Dekri kijan lékol la pral ankourajé paran yo angajé nan yon fason ki òganizé é alè nan fè planifikasyon, revizyon, ak amelyorasyon pwogram 1myé Tit yo nan lékol yo avèk tou patisipasyon pou désidé ki jan yo pral itilize aktivité obligatwa ke yo mété akoté pou paran yo selon chak Seksyon 1118 (yon) (3), 1114 (b) (2), ak Seksyon 1118 (a) (2) (B) ESEA a.*

Repons: Koòdonatè sibvansyon 1myé Tit la, an konjonksyon avèk direktè lékol la ak direktè asistan de chak lékol 1myé Tit, rasanblé "Ekip Konsiltatif de Paran 1myé Tit" chak mwa Out anvan yo kòmansé ané lékol la. Réprezantatif sa yo – twa ki soti de chak lékol 1myé Tit - rankontré regilyèman nan entansyon pou devlopé, revè / revizé, ak evalyé tout plan 1myé Tit & pwogramasyon. Ekip paran 1myé Tit sa a satisfè yon minimòm de 5 fwa chak ané. Yo mété apa 1% pou angajman paran yo ke yo espesyalman adresé (é yo detèminé) nan reyinyon an Janvyé d' Ekip Konsiltatif Paran 1myé Tit la. Planifikasyon byen bonè sa a mété apa pou pèmèt revizyon – bazé sou demann de paran an - anvan y' ékri sibvansyon 1myé Tit la nan mwa Jen an.

2. *Dekri kijan lékol la pral kowòdoné epi entegré pwogram angajman de paran yo ak aktivité ki anseyé paran yo kouman ou kapab édé timoun yo lè yo lakay lè l posib epi lè li apwopriyé kòm pou chak Seksyon 1118 (e) (4) de ESEA.*

Repons: Nou ankourajé pwofesè ki nan lékol élémantè pou moun avèg yo pou voyé lakay ou yon bilten chak semèn, ki souvan gen ladan konsèy sou kòman yo pwolonjé aprantisaj de konsèp patikilyé / aptitud nan anviwònman an lakay ou. Pou 2011-2012, yo pral itilize yon pòsyon de lajan 1myé Tit la pou yo achté matéryèl anrichisman pou paran yo itilize ak pitit yo lakay yo. Sa yo petèt gen ladan liv ak kouvèti papyé é ak lòt matéryèl de lekti. Pwofesè klas yo ak asistan direktè nan chak lékol pral chwazi matéryèl anrichisman yo, é Manadjè Envantè 1myé Tit la pral édé ak dokiman administratif la, tankou nesèsè kòmman ke y'achté yo. Finalman, Biwo Infomasyon pou Paran an jénéral animatè atelyé pou paran omwen 4 oswa 5 fwa chak ané sou yon varyété de sijé pou objektif spesifik kap bati kapasité paran yo. Atelyé Sa a yo kab gen ladan enfòmasyon sou fason pou paran yo kapab édé timoun yo lè yo lakay yo pa echanjé avèk aktivité anrichisman yo é ki jan pou yo bay èd pou fè devwadmezon ki apwopriyé. Yo voyé enfòmasyon sa yo lakay yo nan fen chak ané, avèk dènyé kanè yo a ki bay paran yo resous ak lidé pou aktivité anrichisman pandan été a.

3. *Dekri mezi spesifik yo lékòl la ap pran pou 'l kondwit yon reyinyon anyèl deziyen pou enfòmasyon paran yo sou timoun k'ap patisipé de pwogram 1myé Tit la, nati de pwogram 1myé Tit la (nan tout lékòl la oswa ak asistans ke yo vizé), bon jan pwogrè chak ané, chwa lékòl la, Sèvis Education Siplemanntè (SES), ak dwa paran yo. Mété kalandriyé a é moun ki responsab yo, ak prèw lékòl la pral itilizé pou yo demonstré éfektivité d' aktivité a (tout kondisyon kòm pou chak Seksyon 1118 (c) (1) de ESEA a)*

Répons: Koòdonatè sibvansyon 1myé Tit, an konjonksyon avèk Biwo Enfòmasyon pou Paran, Boutik k' Enprimé, ak Wèbmastè, asiré ke enfòmasyon konsènan tout sa ou li anlè a la yo fè disponib a paran yo ki nan lékòl 1myé Tit nan 3 chanèl prensipal:

- Yo preparé "Manyèl 1myé Tit la" pou chak lékòl nan Boutik k' Emprimé sou kanpis lékòl la é yo voyé yo lakay bay paran yo nan kòmansman Oktòb chak ané lékòl; manyèl sa a gen tout plan 1myé Tit yo ak notifikasyon du dwa de paran yo tankou enfòmasyon pou kontakté PIRC eta a yo.
- Sit wèb FSDB la, www.fsdb.k12.fl.us tou gen enfòmasyon sa a kòm li osi gen kèk spesifik ki gen rapò ak opsyon chwa la tankou lis ke founisè yo d'ajans SES la egzijé a.
- Bilten Koneksyon de Paran pou paran an enprimé tout notifikasyon yo du dwa de paran an - tankou paran an dwa kònnen de kalifikasyon pwofesè a & parapwofesyonèl la - menm jan tou de pyès sou aktivité sibvansyon yo ke yo aksantué okazyonèlman.

Anplis de sa, yo té bay paran élèv ki Lékol Elemantè pou Moun Avèg yo d' enfòmasyon sou sèvis SES la pandan Jou Réjistrasyon an.

Yo kontinyé enfòmé paran lékol élémantè pou moun avèg yo sou AYP atravè lèt de Distri ki nan Bezwen Amelyorasyon an ke yo voyé chak mwa Out jan chak éta oblijé 'l. Genyen tou yon anyèl "Rapòt Lékol" ki genyen ladan 'l done AYP an adisyon a lòt enfòmasyon yo ki obligatwa. Pou plizyè ané, sa a té akonpli pa yon bwochi yo posté lapòs bay tout paran yo. Pandan kèk ané ki sòt pasé la yo, gen yon kopi éléktwonik de rapòt sa a ki té disponib atravè sit entènèt FSDB la ak lyen yo ki konekté a plis enfòmasyon sou sit wèb Dept Edikasyon FL la.

Efikasité aktivité sa yo déterminé sou réyaksyon paran yo pandan reyinyon ekip paran 1myé Tit yo. Konsènan de Menm Kòmansman (Even Start), Kòmansman an Avans (Head Start), Fè Lekti Bonè sé Premyé (Early Reading First), ak lòt pwogram lékol matènèl - élèv yo ke yo sèvi nan FSDB gen siyifikatif defisi nan tandé ou vizyon, é tipikman élèv yo pa sèvi pa pwogram lékol matènèl ak nati sa a. Sepandan, efò pou kébé kontak nan fòm de vizit edikasyonèl lakay klèman aparètr atravè kanpis Depatman Konsyantizasyon an.

4. *Dekri kijan lékol la pral ofri yon sèten reyinyon fleksib, tankou reyinyon lé maten ou aswè, epi pouvwa bay sèvis avèk lajan 1myé Tit tankou swen pou timoun, transpòtasyon, vizit lakay, oswa jan y' endiké sa anba Seksyon 1118 (c) (2) ESEA a la.*

Répons: Reyinyon 1myé Tit d' Ekip Konsiltatif de Paran yo ap fèt an diferan lè é jou pandan ané lékol la pou ankourajé prezans paran yo ki gen divès travay & orè pèsonèl. Anplis de sa, sibvansyon 1myé Tit la bay ranbousman de depans vwayaj pou paran ki nan lékol 1myé Tit yo pou yo kab vwayajé a FSDB pou patisipé nan reyinyon yo ou lòt kapasité de paran yo - aktivité pwogresif yo. "Depans vwayaj yo" (tankou pou chak direktiv ajans leta) pouvwa gen ladan manjé, frè otèl pou rété nuit la, oswa depans gaz.

5. *Dekri kijan lékol la ap apliké aktivité yo ki pral ranfòsé kapasité de patisipasyon solid de paran yo, pou gen asirans d' angajman valab paran yo é sipòté yon asosyasyon ant anplwayé lékol la, paran yo, ak kominoté a k' ap sipòté siksè akademik élèv yo. Dekri aksyon yo ke lékol la ap pran pou 'l bay materyèl é estaj fòmasyon pou édé paran yo travay avèk pitit yo pou amelyoré*

siksè akademik pitit yo, tout pwen sa yo ke Seksyon 1118 (e) ak Seksyon 1118 (e) (2) ESEA an déja oblijé.

Repons: Manuèl 1myé Tit yo, ke yo té distribiyé ba tout fanmi 1myé Tit yo nan sèzon otòn la nan ané lékòl la, gen ladan "Konpak Elèv-Pwofesè-Paran an." Kontra enfòmèl sa a lis espesyalman responsablité k' élèv yo, paran yo, ak pwofesè yo antreprann ki pral kontribiyé nan siksè akademik.

Biwo Enfòmasyon pou Paran an ap kontinyé bay paran aktyèl aktivité & antrènman, tankou klas ASL (langaj siy) pou paran ak klas Braye la; klas sa yo fasilite kominikasyon k'amelyoré ant paran yo ak timoun yo, epi yo ankourajé paran yo patisipé nan yon pi gran nivo nan fè devwa (pandan ané 2011 - 2012 yo pral ofri klas American Sign Language gratis sou entènèt la atravè webcam). Biwo Enfòmasyon pou Paran an sou kanpis lékòl la a an jeneral akomodé atelyé pou paran omwen 4 oswa 5 fwa chak ané sou yon varyete sijè nan bi espesifik pou bati kapasité paran yo. Atelyé sa yo pouvwa gen ladan yo enfòmasyon sou fason paran yo kapab édè timoun yo lè yo lakay nan echanjé ak yo aktivité anrichisman yo epitou ki jan yo ka bay èd pou fè devwadmezon kòmsadwa.

Asistan direktè a pou pwogram Elemantè/Mwayen Lékol pou Moun Avèg yo ap kontinyé gen reyinyon enfòmasyon pou paran yo chak mwa kòm yon fason pou echanjé sa kap pasé nan pwogram yo avèk paran yo.

Koòdonatè asistan sibvansyon 1myé Tit la, an konjonksyon avèk direktè lékol la é direktè de chak lékol 1myé Tit yo rasanblé "Ekip Konsiltatif de Paran 1myé Tit" chak mwa Out anvan yo kòmansé ané lékol la. Repezantan sa yo - twa de chak lékol 1myé Tit yo - rankontré regilyèman yo kapab devlopé, revizé / revize, é evalyé tout plan 1myé Tit yo & pwogramasyon.

Sibvansyon 1myé Tit la bay ranbousman pou depans vwayaj a paran nan lékol 1myé Tit yo pou vwayajé alé a FSDB pou patisipé nan reyinyon ou lòt aktivité kòm konstwi - kapasité de paran yo. "Depans vwayaj" (kòm pou chak direktiv ajans leta) pouvwa gen ladan manjé, frè otèl pou rété nuit la, oswa depans gaz. Depi paran yo ap viv tout otou eta a, ranbousman sa a kritikal pou asiré patisipasyon paran yo.

Pou 2011-2012, yo pral itilizé yon pòsyon de lajan 1myé Tit la pou yo achte materyèl anrichisman pou paran yo itilizé ak pitit yo lakay yo. Sa yo petèt gen ladan liv ak kouvèti papyé é ak lòt materyèl de lekti. Pwofesè klas yo ak asistan direktè nan chak lékol pral chwazi materyèl anrichisman yo, é Manadjè Envantè 1myé Tit la pral édè ak dokiman administratif la, tankou nesèsè kòmman ke y'achte yo. Y ap fè efò pou kolekté materyèl sa yo de fanmi yo apré vakans déte a pou ke yo kab resiklé pou itilizé yo ankò ak lòt fanmi yo.

- 6. Dekri fòmasyon an lékol la pral bay pou édike pwofesè li yo, pèsonèl sèvis d'elèv la, direktè yo, ak lòt anplwayé nan fason yo dwé travay avèk paran yo kòm patnè egal, epi sou valè a ak utilité de kontribisyon de paran yo selon chak Seksyon 1118 (e) (3) de ESEA a.*

Repons: Pandan ané eskolè 2011-2012 a, lyezon paran yo (de Biwo Enfòmasyon pou Paran) pral kolaboré ak direktè asistan lékol la é koòdonatè sibvansyon 1myé Tit la pou yo kab bay fòmasyon a pèsonèl de Lékol Elémentè pou Moun Avèg la pa adresé konsèp sa yo atravè modil pwogram "Lékòl Zanmitay Familyal" la. Entrènman an pral fèt pandan reyinyon oré-régilyèman d' anplwayé yo é yo pral enpliké parapwofesyonèl yo. Asistan Koòdonatè 1myé Tit ap bay tout anplwayé k' ap patisipé ak yon sondaj swivan pou evalyé efikasité de fòmasyon modil sa.

- 7. Dekri lòt aktivité yo, tankou sant resous yo pou paran, ke lékol la pral kondwi pou ankourajé ak sipòte paran yo nan patisipasyon yo nan édikasyon pitit yo selon chak Seksyon 1118 (e) (4) de ESEA a.*

Repons: Kòm mansyoné depi anvan, Biwo Enfòmasyon pou Paran an sou kanpis lékol la a aji kòm yon sant resous ekselan pou tout paran FSDB yo. Anplwayé Biwo a bay yon bibliyotèk pou

yo prété, kowòdone klas yo sou Braye ak Langaj Siy Ameriken pou amelyoré aptitud paran yo, é organizé yon varyete d' atelyé de konstwi-kapasité pou paran yo. Lyezon paran yo tou konplété papyé ki nesèsè a kap bay ranbousman pou vwayaj a paran ki patisipé nan antrènman sou kanpis lékòl la, nan klas, oswa konstwi-kapasité evènman yo.

8. *Dekri kijan lékòl la pral bay paran yo ak timoun k ap patisipé deskripsyon avèk eksplikasyon de kourikoulòm nan lékòl la, fòm evalyasyon akademik yo ke y' ap itilize ki mezire pwogrè elèv yo, ak nivo konpetans yo ke yo esperé elèv yo satisfè selon chak Seksyon 1118 (c) (4) (C) a.*

Repons: Direktè asistan lékòl yo ap rankontré avèk paran yo pandan Enskripsyon pou enfòmé paran yo de sa ke evalyasyon ak kourikoulòm nan konsènè. Pandan reyinyon sa a y' ap revizé kourikoulòm nan é yo pral diskite de nivo konpetans ke yo esperé elèv yo atenn. Pwofesè yo osi pral ap bay enfòmasyon sa a pa korespondans chak semèn yo epi sou sit entènèt la. Lékol la tou te gen yon kalandriyé evalyasyon atravè ke yo bay anplwayé yo ak paran yo ki enteresé dat yo lè y' ap evalyé elèv yo pandan tout ané a.

9. *Dekri kijan lékòl la pral ofri opòtinité konplè pou patisipasyon nan aktivite angajman de paran yo pou tout paran yo, avèk tou moun ki limité nan palé anglè byen, andikap, ak timoun migran. Mété kouman lékòl la planifyé pou echanjé enfòmasyon ki gen rapò ak lékòl é pwogram paran yo, reyinyon yo, rapòt yo, ak lòt aktivité nan yon fòm sanblabl nan yon lang ke paran yo kapab konprann, tout sa obligè pa Seksyon 1118 (e) (5) ak (f) de ESEA a.*

Repons: Tradiksyon alekri de kominikasyon lékòl la ap pèmi paran ke lang anglè a limité pou yo lang natif yo nan mézi ki posib; yo osi bay ékriti an gwo lèt ak vèsyon Braye yo pou kominikasyon alekri a nenpòt paran ki gen bezwen de sa, koutwazi de Sant Pwodiksyon Braye la. Anplis de tradiksyon an materyèl ekri, entèprèt langaj siy ak / oswa tradiktè Panyòl pral patisipé nan reyinyon 'Ekip Konsiltatif de Paran 1myé Tit' yo (osi byen ke lòt reyinyon de paran) avèk atelyé / antrènman pou bay sèvis sa yo jan sa nesèsè. Y' ap osi founi pwèch, lang siy, ak entèpretasyon Panyòl pou reyinyon paran yo k' ap retransmèt sou entènèt la.

SEKSYON IV: LEKÒL ELEMANTÈ pou MOUN AVÈG "PLAN POU

AMELYORASYON LEKÒL LA" & 1myé TIT

Kowòdinasyon ak Entègrasyon - Lékol 1myé Tit Sèlman

1myé Tit, Pati A

Pandan ané lékòl 2011 - 2012 la, kanpis lékòl élémantè pou moun soud, lékòl mwayèn pou moun soud, lékòl élémantè pou moun avèg, é lékòl mwayèn pou moun avèg ap resevwa lajan 1myé Tit, donk sé yo ke yo deziyen kòm "lékòl 1myé Tit".

Lékòl Florid pou Moun Soud é Avèg la resevwa finansman federal atravè NCLB vèrseman 1myé Tit Pati A a, Sèvis Edikatif Sipleman (SES) a, ak 2zyèm Tit Pati A a, ak IDEA pati B ak sibvansyon yo de Lékol Matènèl. Koòdonatè Sibvansyon kanpis lékòl la apliké pou sibvansyon yo, epi travay a tout longè ak Asistan 1myé Tit la é Koòdonatè SES pou kontwolé adèras a direktiv é règleman sibvansyon yo. Yon ekip administratif dirijan santral, ki gen ladan manm de depatman akademik la, depatman sibvansyon an, ak depatman sèvis de paran yo, reyini plizyè fwa pandan prentan an pou planifyé chak pwogram sibvansyon yo an bi pou satisfè bezwen elèv yo, anplwayé yo, ak paran yo. Genyen nan pwogram sibvansyon òdinè travay OPS pou antreprann spesifik ki pou benefisyé elèv yo onivo akademik oswa fè kourikoulòm la aksesib; pou egzanp Antrenè Done 1myé Tit yo pral rasanblé done yo epi asisté nan analiz nan FCAT la é nan evalyasyon de lòt pwogrè, epitou Transkripsyon Braye la ap fè transkripsyon kourikoulòm nan, swa an Braye Literèr oswa an Sistèm Németh (Braye matematik) depann sou bezwen elèv la. Direktè Kourikoulòm ak Devlopman Anplwayé a ap fè sondaj sou anplwayé chak prentan pou detèminé fòmasyon anplwaye yo bezwen / vlé, epi itilize enfòmasyon ke yo rasanblé nan sondaj yo pou devlopé yon lis d' apré klas lékòl ou d' antrènman lé Samdi.

Direktè lékòl 1myé Tit yo ak Asistan Direktè yo souvan nan dyalòg youn ak lòt, ak pwofesè yo nan lékòl yo konsènan bezwen elèv yo, epi yo pasé idé sa yo oswa mandé de Direktè Kourikoulòm ak Devlopman Anplwayé a oswa Koòdonatè 1myé Tit la pou 'l asiré ke bezwen yo ekri nan sibvansyon pwogramasyon (lè sa posib). Koòdonatè 1myé Tit la kondwit reyinyon yo d' Ekip Konsitatif de Paran an; pandan reyinyon sa yo, li toujou ap resevwa enfòmasyon de paran yo konsènan bezwen yo / sa yo vlé osijè d' aktivité konstwi-kapasité de paran yo.

Ou kab aksè "Plan Amelyorasyon Lékol" de lékol élémantè pou moun avèg la antyé sou sit wèb Depatman Edikasyon FL la nan www.fl DOE.org. Yo kapab tradwi Plan Amelyorasyon Lékol la nan lang natif paran an sou demann. Tanpri kontakté Biwo Enfòmasyon pou Paran an FSDB a pou plis enfòmasyon. Nimewo telefòn gratis (Nan Florid) - 1-800-344-3732, nan zòn nan Augustine St - 904-827-2221, oswa nan VP 904-201-4540.

- ***SEKSYON V: LEKÒL ELEMANTÈ pou MOUN AVEG " KONTRA ENFOMEL ANT FANMI-LEKÒL "***
- Lékol Primè pou Moun Avèg nan Lékol Florid pou moun Soud é Avèg la, ak paran d' élèv yo k'ap patisipé nan lékol sa a, k'ap resevwa lajan 1myé Tit, dakò ke kontra enfòmèl sa a espliké kouman paran yo, anplwyé yo, ak élèv yo pral patajé responsablité pou amelyore pefòmans akademik élèv yo.

Responsablité Pwofesè a:

- Fiksé objektif akademik anyèl avèk élèv yo é paran yo
- Bay bon jan kalité ansèyman ki bazé sou "pi bon pratik" nan sant fondamantal sektè akademik la
- Founi yon atmosfè ki an sekirité é agreyab pou yo aprann
- Demontré swen ak enkyetid pou tout élèv yo
- Founi paran yo ak reyaksyon é evalyasyon de pwogrè akademik élèv yo chak trimès
- Kenbé konsiltasyon an pami fanmi yo, élèv yo, ak pwofesè yo, sou yon baz lè-nesesé
- Fè efikas itilizasyon de tan pou yo aprann
- Kominiké souvan avèk paran yo de pwogram akademik é aktivité yo.
- Mentni ke paj wèb pwofesè yo ajou chak semèn.

Responsablité Paran an:

- Lè sa posib, pou kontwolé prezans (lékol) pitit ou a
- Voyé pitit mwen an lékol byen repozé é tou nourri ak yon repa byen balansé.
- Li liv ki asiye a pitit mwen an, epi édé li avèk devwa 'l
- Veyé ki kantité tan pitit mwen an gadé televizyon, epi asiré ke sa l' ap gadé a sé pou laj ki apwopriyé a li
- Patisipé nan konferans pwofesè-paran si sa planifyé deja
- Ankourajé yon atitid pozitif anvè lékol
- Li bilten lékol ak lòt kominikasyon eskolè
- Patisipé nan sou-kanpis antrèman de paran yo otank posib, oswa alé nan reyinyon sa yo pa telefòn ak / oswa sit entènèt teknoloji konfèrans yo
- Volonté pou 'm édé nan pwogram pitit mwen an, menm jan 'm té fè akòde avèk Direktè Asistan lékol la, kòm alé nan pwomnad, founi ti gouté, asisté nan demann espesifik pwofesè a konsènan édikasyon karyè, devlopman konsèp, asistans pou pwojè, élatriyé

Responsablité élèv la:

- Fè pi gran efò li tout-fwa lè l' ap étidyé -- kwè ke li ka aprann
- Konpleté devwa klas li ak devwa pou li fè lakay li
- Vini lékol ak materyèl nesésè pare pou 'l aprann
- Swiv règleman lékol la ak salklas li a
- Elèv yo ap demontre respè, koperasyon, ak responsablité anvè anplwayé yo, élèv yo, ak pwopriyété lékol la.

- Kwè ke li kapab é pral aprann
- Konpleté devwa lekti-a-kay lakay li

Lè ou siyen kontra enfòmèl sa a, tout pati konsène -- elèv yo, paran yo, pwofesè yo, ak direktè lékòl la -- dakò pou defann antisipasyon pou ane lékòl 2011-2012 la yo:

Siyati Elèv la _____ **Dat** _____

Siyati Paran _____ **Dat** _____

Siyati Pwofesè _____ **Dat** _____

Siyati Direktè a _____ **Dat** _____

Paran yo: Lè oumenm ak pitit ou a siyen é daté dokiman sa a piwo a la, tanpri chiré paj sa a de konpak enfòmèl la epi voyé li tounen lékòl la, konsa pwofesè pitit ou a ak direktè a kapab siyen li. Destinasyon final la sé biwo Koòdonatè 1myé Tit la, Christi Boortz nan Sal de Moore la.

MÈSI POU ED OU!